

# CPS

Cambridge Public Schools



## ***Fòm Obligatwa pou elèv***

**TOUT** fòm ki nan pake sa dwe ranpli epi yo dwe retounen ti livrè sa bay pwofesè sal klas jeneral ansanm ak elèv la  
**PREMYE JOU RANTRE LEKOL.**

Tout fòm yo disponib an Anglè, Pòtigè, Kreyòl Ayisyen, Espanyòl, Chinwa ak Koreyen nan Sant Resous pou Fanmi ak nan lekòl yo.

Sant Resous pou Fanmi an chita nan 15 Upton Street, Cambridge, MA 02139. Ou kapab kontakte biwo a pa telefòn nan (617) 349-6551.

## ***Lis Verifikasyon Fòm Obligatwa pou Elèv:***

- AKO PARAN AK ELEV ..... 1
  - REKONEZANS REGLEMAN PRESANZ POU ELEV ..... 1
  - REKONESANS REGELEMAN UTILIZASYON AKSEPTAB ..... 1
  - REKONESANS REGLEMAN SOU ZAM..... 2
  - REPETWA ENFOMASYON SOU ELEV OPSYON -DEYO ..... 2
- 

### **Pou elèv segondè sèlman:**

- REKONESANS RESEPSYON LWA KONT- BLE ..... 2
  - PIBLIKASYON ENFOMASYON KONTAK DE BAZ OPSYON - DEYO ..... 3
- 

### **Pou elèv kin an klas K-8 ki bezwen yon lòt bis nan apremidi:**

- FOM ORE BIS NAN APREMI ..... 3
- FOM KOMINIKASYON NAN MEDIA ..... 4
- NOTIFIKASYON OTOMATIK PA TELEFON ..... 4
- FOM APLIKASYON POU MANJE ..... 7
- KONSANTMAN PARANTAL POU JWEN AKSE AK MEDICAID..... 8
- KAT INIVESEL IJANS POU ELEV ..... 9

### ***Direksyon:***

FTanpri revize tout fòm yo ak prekosyon. Lè yon fòm fè referans a yon règleman ki nan gid sa, yo bay yon nimewo paj pou referans pa ou apre tit fòm nan. Tanpri bay tout enfòmasyon yo mande.

Si ou genyen kenpòt keksyon sou fòm ki nan livrè sa, tanpri kontakte ajan lyezon fanmi an nan lekòl pitit ou a.

**TANPRI ENPRIME TOUT ENFOMASYON YO.**

**AKO PARAN AK ELEV**

Non Elèv la: \_\_\_\_\_

Non Paran/Reskonsab: \_\_\_\_\_

Lekòl: \_\_\_\_\_ Klas: \_\_\_\_\_ Klas Jeneral: \_\_\_\_\_

Mwen resevwa epi revize yon kopi Gid Règleman pou Elèv ak Paran an epi mwen konprann ke li genyen enfòmasyon enpòtan sou kòd kondwit, lwa sou diskriminasyon ak lòt règleman ak politik lekòl la. Mwen revize tou ansanm ak pitit fi/gason mwen Gid Politik pou elèv ak Paran epi mwen eksplike l ke gid sa genyen enfòmasyon enpòtan sou kòd kondwit, lwa sou diskriminasyon ak lòt règleman ak politik lekòl la. Mwen an akò ak pèsonèl lekòl la pou elèv sa nou idantifye piwo a ale lekòl chak jou, eksepte lè genyen absans eskizab; fè devwa li epi swiv Kòd Kondwit ak règleman de baz lekòl la. Mwen li Akò Paran ak Elèv sa ak lòt fòm nesèsè yo epi mwen konprann kondisyon yo.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_  
(Klas 6-12 sèlman)

**REKONESANS REGLEMAN PRESANS ELEV [ PAJ 10 ]**

Mwen, ki siyen anba a, revize Règleman Prezans la epi konprann konsekans manke klas ak absans eskizab/non eskizab genyen.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**REKONEZANS REGLEMAN ITILIZASYON AKSEPTAB [ PAJ 15 ]**

Mwen rekonèt ke mwen te resevwa epi li Règleman Itilizasyon Akseptab Lekòl Piblik Cambridge ansanm ak Lojisyèl Kòd Etik yo.

Siyati m anba a fè konnen ke mwen konprann Règleman Itilizasyon Akseptab ak Lojisyèl Kod Etik yo epi mwen dispoze pou aksepte epi koube m a otorite l jan l ekri a.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**REKONESANS REGLEMAN ZAM [ PAJ 7 ]**

Mwen rekonèt ke mwen te resevwa epi li Règleman sou Zam Lekòl Piblik Cambridge.

Siyati m anba a fè konnen ke mwen konprann Règleman sou Zam Lekòl Piblik Cambridge epi ke mwen dakò pou respekte otorite l jan l ekri a.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**REPETWA ENFOMASYON ELEV OPSYON-DEYO [ PAJ 2 ]**

Non Elèv la: \_\_\_\_\_

Mwen menm, paran/reskonsab elèv idantifye anba a rekonèt ke Lekòl Piblik Cambridge te fè m konnen pa entèmedyè Gid Politik yo ke Lekòl Piblik Cambridge trete non, klas ou kategori yon elèv, patisipasyon nan aktivite ke yo òganize ofisyèlman, apatenans nan ekip atletik, diplòm, onè ak rekonpans epi plan apre segondè tankou “anyè enfòmasyon” ke yo kapab pibliye san konsantman paran/reskonsab elèv la. Mwen rekonèt tout epi konprann ke mwen kapab chwazi pou yo pa pibliye enfòmasyon sa yo pou sa map ranpli fòm ke yo prevwa pi ba a pou sa.

- Mwen PA vle yo pibliye non pitit mwen, klas ou kategori oubyen lòt enfòmasyon ke yo espesifye nan Gid Politik Lekòl Piblik Cambridge yo nan paj 2 nan seksyon piblikasyon dosye elèv san konsantman ekri mwen a lavans.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

(Si elèv la genyen plis ke 14)

**REKONESANS RESEPSYON LWA KONT PRATIK BLE [ PAJ 4 ]**

**POU ELEV SEGONDE SELMAN**

Mwen rekonèt ke mwen resevwa epi li yon kopi M.G.L. Chapit 269, Seksyon 17-19, yon Lwa ki Entèdi Pratik “Bleu”a. Mwen konprann ke yo dwe distribye yon kopi lwa sa bay manm, elèv ki fèk antre nan lekòl segondè, moun ki fè pwomès ansam ak elèv kap aplike pou adezyon nan chak gwoup elèv, ekip ak/oubyen òganizasyon elèv nan lekòl mwen. Mwen konprann tou epi mwen dakò pou respekte lwa sa.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**PIBLIKASYON ENFOMASYON KONTAK DE BAZ ELEV OPSYON-DEYO [PÁG. 2]**

**POU ELEV SEGONDE SELMAN**

*Yon dispozisyon No Child Left Behind Act of 2001*, yon lwa federal, mande lekòl segondè yo, lè yo resevwa demann, pou yo pibliye non, adrès epi nimewo telefòn elèv ki nan lekòl segondè yo bay moun kap fè rekritman pou lame United States, etablisman ansèyman siperyè epi lòt inivèsite ak lòt enstitisyon edikatif ansanm ak patwon potansyèl. **Ou kapab chwazi pou pa kite pibliye enfòmasyon sa yo, pou sa ranpli fòm anba a.**

Mwen rekonèt epi konprann ke mwen ka chwazi pou m pa kite yo pibliye enfòmasyon kontak piti fi/gason mwen bay moun kap fè rekritman pou lame United States, etablisman ansèyman siperyè epi lòt inivèsite ak lòt enstitisyon edikatif ansanm ak patwon potansyèl. Konsa, **mwen mande ke Cambridge Rindge ak Latin School PA DIVILGE enfòmasyon kontak de baz pitit gason/fi mwen (non, adrès ak nimewo telefòn) pandan ane lekòl la bay antite ke mwen seleksyone pi ba a san pèmisyon m a lavans:**

- Moun kap fè Rikritman pou lame United States
- Patwon Potansyèl
- Lekòl Ansèyman Siperyè, inivèsite ak lòt enstitisyon edikatif

Tanpri remake ke si fòm sa PA siyen epi retounen avan 1er Octòb, yap PIBLIYE enfòmasyon kontak de baz yo an akò ak aplikasyon dispozisyon *No Child Left Behind Act 2001* an.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**FOM ORE BIS APREMIDI**

**Pou elèv ki nan klas K-8 ki bezwen yon diferan bis nan apremidi**

Non Elèv la: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Bis Maten: \_\_\_\_\_ Arè: \_\_\_\_\_

Pwogram Apremidi: \_\_\_\_\_ Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Bis Apremidi: \_\_\_\_\_ Arè: \_\_\_\_\_

Si orè a chanje pandan semenn nan, tanpri ranpli:

Lendi \_\_\_\_\_ Madi \_\_\_\_\_ Mèkredi \_\_\_\_\_ Jedi \_\_\_\_\_ Vandredi \_\_\_\_\_

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## FOM PIBLIKASYON NAN MEDIA

Mwen dakò epi mwen bay pèmasyon m pou Lekòl Piblik Cambridge epi/oubyen yon lekòl endividyèl ("Lekòl la") anrejistre, filme, fè foto, anrejistreson oubyen videyo non pitit mwen, imaj, resanblans, sal di, travay elèv, pèfòmans ak mouvman, sou kenpòt fòm ( ke yo konnen sou non "Travay"), epi pou etale, pibliye, distribye oubyen ekspoze Travay sa yo oubyen kenpòt pati nan yo pou epi an rapò ak kenpòt materyèl ke Lekòl Piblik Cambridge ta kapab kreye ak/oubyen Lekòl la, sa konprann, men san limit, pou afich nan Lekòl Piblik Cambridge epi/oubyen sou sit entènèt Lekòl la epi/oubyen pou yo difize nan televizyon tankou Aksè Ekikatif Cambridge (CEA).

Mwen aksepte tou en plis ke Lekòl Piblik Cambridge se sèl pwopriyete tout dwa, tit ak enterè, tankou dwa otè nan Travay sa yo epi kenpòt pati nan yo pou tout rezon, tankou Lekòl Piblik Cambridge ak/oubyen Lekòl la ka detèmine nan sèl diskresyon pa yo san limit, rezèv oubyen endamnizasyon pou mwen oubyen pitit mwen.

Lè mwen siyen fòm konsantman ak divilgasyon sa epi bay otorizasyon m, tankou yo deklare piba a, mwen ekspresman otorize Lekòl Piblik Cambridge yo ansanm ak/oubyen Lekòl la itilize, tout oubyen yon pati, non pitit mwen, resanblans, imaj, sa li di, travay elèv la, pèfòmans ak mouvman an rapò avèk kenpòt materyèl pou Lekòl Piblik Cambridge yo ansanm ak/oubyen Lekòl la , nan tout fason ak medya, jan Lekòl Piblik Cambridge yo ak/oubyen Lekòl la deside nan diskresyon pèsone l yo.

Mwen konprann tou ke Lekòl Piblik Cambridge yo ansanm ak Lekòl la ap genyen pwopriyete tout dwa , tit ak enterè, ansanm ak dwa pwopriyete materyèl yo, pou itilize, dispoze pèpetyèlman san limit jan Lekòl Piblik Cambridge yo ak Lekòl la ta deside nan diskresyon pa yo.

Lè mwen siyen fòm konsantman ak divilgasyon sa epi bay otorizasyon m, tankou yo deklare piba a, mwen an menm tan degaje Lekòl Piblik Cambridge yo, Lekòl la ansanm ak ofisyèl respectif yo, direktè, ajan avèk/oubyen anplwaye yo, de tout oubyen an pati, reskonsablite, pèt, domaj, kou, reklamasyon, ak/oubyen kòz pou aksyon ki gen rapò ak patisipasyon pitit mwen nan kenpòt ki evenman medyatik, tankou, san limitasyon, emisyon televizyon, materyèl pwomosyon oubyen pwojè sou sit entènèt.

Mwen li Konsantman Eklere ansanm ak Kominikasyon epi mwen konprann kondisyon yo. Mwen siyen l volontèman epi avèk tout konesans siyifikasyon yo.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Elèv: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## NOTIFIKASYON TELEFONIK OTOMATIZE

Lekòl Piblik Cambridge itilize yon sistèm telefòn enfòmasyon pou kontakte paran lè genyen nouvo lekòl enpòtan ak pwoblèm prezans. Tanpri fè konnen ki nimewo telefòn yo dwe itilize pou chak notifikasyon sa yo.

1. **Notifikasyon Prezans:** Si pitit mwen absan lekòl, tanpri fè m konnen pa:

a. telefòn kay                      b. telefòn travay                      c. telefòn selilè

**ANTOURE YON SEL:**      **Paran/Reskonsab 1:** a. b. c.

**Paran/Reskonsab 2:** a. b. c.

2. **Asistans Eskolè:** Mwen ta swete resevwa nouvo lekòl ak enfòmasyon pa:

a. telefòn kay                      b. telefòn travay                      c. telefòn selilè

**ANTOURE YON SEL:**      **Paran/Reskonsab 1:** a. b. c.

**Paran/Reskonsab 2:** a. b. c.

**APLIKASYON POU MANJE 2009 - 10**

**Kòman Elèv yo Jwen Manje yo**

Yo sèvi dejene ak manje midi nan tout lekòl yo. Si yon bis lekòl an reta, yo toujou sèvi dejene epi yo pa pini elèv yo paske yo rive an reta nan sal klas yo. Manje midi disponib gratis oubyen nan pri redwi pou fanmi ke revni yo pèmèt yo kalifye pou resevwa avantaj sa.

**Peman Manje yo**

Pou manje midi nan pri redwi ak nan pri nòmal, ou kapab peye a lavans nan tout lekòl yo sou yon baz jounalye, pa semen oubyen pa mwa. Depatman Sèvis Manje a itilize yon sistèm peman avèk kat elektwonik. La plipa lekòl yo itilize kat elektwonik sa yo. Chak kat genyen yon ba kode inik ki afekte a kont manje yon timoun, sa ki kenbe sekre nivo pri manje yon elèv. Yo ekzije peman a lavans pou kont peye ak pri redwi yo. Kontakte biwo lekòl la si ou genyen keksyon konsènan peman an.

**Keksyon yo poze Souvan Konsènan Aplikasyon pou Manje Gratis oubyen Pri Redwi**

1. *Eske mwen bezwen ranpli yon aplikasyon pou chak timoun? Wi.*
2. *Kilès ki ka resevwa manje gratis oubyen pri redwi?* Timoun nan kay ki resevwa Food Stamps oubyen TANF avèk preske tout timoun adoptif yo ka resevwa manje gratis san konsiderasyon revni ou. Si revni kay la nan limit Tablo Revni Federal la, pitit ou a ka resevwa tou manje gratis oubyen pri redwi. Ou pa bezwen sitwayen ameriken pou ou kalifye.
3. *Eske yap verify enfòmasyon mwen bay yo?* Nou ka mande ou pou voye prèv ekri enfòmasyon ou bay yo. Apwoksativman yap verifye 3% nan aplikasyon nan kontwòl sou plas.
4. *E si mwen sispann resevwa Food Stamps or TANF?* Si pitit ou a kalifye paske ou te mete nimewo ka Food Stamp oubyen TANF ou, ou dwe di kekòl la lè ou sispann resevwa Food Stamps oubyen TANF.
5. *E si kantite moun lakay mwen oubyen revni m chanje?* Tanpri rele 617-349-6858 pou fè nou konnen.
6. *Si mwen pa kalifye kounye a, eske mwen ka aplike pi devan?* Wi. Ou kapab aplike kenpòt lè pandan ane eskolè a.
7. *E si mwen pa dakò avèk desizyon lekòl la konsènan aplikasyon m nan?* Ou kapab rele pou mande yon odyans nan (617-349-6858).
8. *Kilès mwen ka mete kòm manm fwaye mwen?* Ou dwe mete tout moun kap viv nan kay la, ke yo se fanmi ou pa.

**Deklarasyon Lwa sou Vi Prive:** Seksyon 9 Lwa Nasyonal sou Manje nan Lekòl mande ke, amwens ke ou bay nimewo kat Food Stamps oubyen OWF timoun nan, ou dwe mete nimewo Sosyal Sekirite moun ki siyen aplikasyon an oubyen endike ke moun sa pa genyen nimewo Sosyal Sekirite. Nimewo Sosyal Sekirite a pa obligatwa, men si yo pa bay yon nimewo Sosyal Sekirite oubyen si yo pa endike ke moun ki siyen an pa genyen Sosyal Sekirite, yo pa kapab apwouve aplikasyon an. Yo ka itilize nimewo Sosyal Sekirite a pou idantifye manm fwaye a nan lide pou yo verifye ke enfòmasyon yo bay nan aplikasyon an vre. Efò verifikasyon sa yo ka fèt a pati pwogram revizyon, odit, envestigasyon epi sa ka konprann ke yo kontakte patwon yo pou detèmine revni, kontakte biwo Food Stamps ak asistans sosyal pou detèmine sètifikasyon aktyèl pou reseptyon avantaj Food Stamps ak OWF, kontakte biwo travay eta a pou detèmine kantite benefis ou resevwa epi cheke dokiman ke manm kay la bay pou pwouve kantite kòb yo resevwa. Kontwòl sa yo ka abouti a pèt oubyen rediksyon benefis, reklamasyon administratif oubyen aksyon legal si yo rapòte enfòmasyon ki pa korèk.

Si ou genyen kenpòt lòt keksyon oubyen bezwen èd, rele 617-349-6858.

**APLIKASYON POU MANJE 2009 - 10**

Chè Fanmi CPS,

Nan ane ki sòt pase yo, Lekòl Piblik Cambridge, an kolaborasyon ak Pwogram Sante Eskolè Depatman Sante Piblik Cambridge, CitySprouts, ansanm ak lòt patnè, fè yon efò komen pou amelyore kalite ak valè nitrisyon manje lekòl nou yo. Nou rantre legim ke yo pwodwi lokalman epi fri, sibtitye grenn antye, entwodwi plis manje ki frèchman prepare, soup, epi pla dakonpayman epi diminye sik ak grès nan preparasyon manje yo.

Nou ta renmen kapab kenbe kalite siperyè manje nou yo, epi akoz de ogmantasyon pri manje ak fakti yo, pri manje yo ogmante pou premye fwa depi sis ane. Manje midi Lekòl la toujou rete yon gran valè lè yo konpare l ak yon manje sanblab ki soti lakay, epi tèlman pratik tou! Menm avèk ogmantasyon an pri nou yo, yo toujou yon tijan pi ba ke lòt distirik vwazen yo, ki chaje yon mwayèn \$2.70 pou manje midi nan primè epi \$3.10 nan nivo lekòl segondè.

**Pri Manje 2009-2010**

|            | Lekòl Primè |       | Lekòl Segondè |       |
|------------|-------------|-------|---------------|-------|
|            | Nòminal     | Redwi | Nòminal       | Redwi |
| Dejene     | 1.00        | 0.30  | 1.50          | 0.30  |
| Manje Midi | 2.50        | 0.40  | 2.75          | 0.40  |
| Lèt        | 0.35        | 0.25  | 0.50          | 0.30  |

Tanpri ranpli aplikasyon pou manje sa chak ane lekòl, san nou pa pran an kont si nou kalifye pou manje gratis oubyen pri redwi. Fòm sa ede nou nan planifikasyon manje nou yo epi kapab ede nou jwen sibvansyon an plis pou manje ak lòt depans pou lekòl, menm leson patikilye. Si ou genyen timoun nan diferan lekòl, tanpri itilize yon fòm pa timoun, asire ke ou fè lis TOUT timoun nan kay la sou chak fòm epi enfòmasyon sou revni yo se menm nan tout fòm yo. Depatman lekòl la dwe resevwa fòm yo anvan 15 Septanm.

Si ou pa kalifye pou manje gratis, ou kapab peye cash oubyen pa chèk. Nou ankouraje paran yo pou peye manje yo a lavans, men nap aksepte peman tout sou baz jounalye lè pitit ou ap achte manje a. Pou peye a lavans poste peman nan adrès Sèvis Manje pi ba a. Ou kapab peye tou nan lekòl pitit ou a, kite peman nan yon anvlop espesyal ak anlwaye sèvis manje a.

Tanpri gade nouvo seksyon Sèvis Manje a nan CPS Schools at a Glance, oubyen chèche konnen plis sou manje nap sèvi a epi patenarya nou ak CitySprouts ansanm ak Pwogram Sante Eskolè Depatman Sante Piblik Cambridge nan <http://www.cpsd.us/cpsdir/FoodServices.cfm>.

Pa ezite kontakte m si ou genyen kenpòt keksyon sou peman oubyen manje lekòl la.

Mèsi,

Jack Mingle, Direktè Sèvis Manje

Sèvis Depatman Manje, Kennedy Longfellow School

158 Spring Street

Cambridge, MA 02141

617-349-6858

[jmingle@cpsd.us](mailto:jmingle@cpsd.us)

## APLIKASYON POU MANJE 2009 - 10

**1. TOUT FANMI DWE RANPLI SEKSYON SA.** Fè lis tout timoun ki nan kay la ki ale lekòl epi rantre non lekòl yo ansanm ak klas yo. Tanpri itilize yon aplikasyon separe pou CHAK timoun adoptif. (Pa mete timoun adoptif yo nan aplikasyon Famni an.)

| ELEV (Non Fanmi, Prenon, MI) | LEKÒL | KLAS |
|------------------------------|-------|------|
| 1.                           |       |      |
| 2.                           |       |      |
| 3.                           |       |      |
| 4.                           |       |      |
| 5.                           |       |      |

### SI OU PAP APLIKE POU MANJE GRATIS OUBYEN PRI REDWI, TRAVESE NAN ETAP 5.

**2. SI WAP RESEVWA NAN MOMAN AN FOOD STAMPS OUBYEN TANF:** YO PA KAPAB TRETE APLIKASYON YO SAN # KA FOOD STAMP OUBYEN TANF.

CHEKE BWAT SA EPI RANTRE # KA A

(12- chif # anba a dwat MASS EDTA stamp card), EPI TRAVESE NAN ETAP 5.

**3. PARAN ADOPTIF:** Si aplikasyon sa se pou yon timoun ki se responsablite legal yon ajans asistans sosyal oubyen tribinal, cheke bwat ki anba a epi rantre kantite revni lajan pèsònèl timoun nan pa mwa:

\$  EPI TRAVESE NAN ETAP 5.

**4. SI WAP APLIKE POU MANJE MIDI GRATIS/PRI REDWI:** Fè lis TOUT lòt moun ki rete nan kay la.

|   |  |  |
|---|--|--|
| <b>1. NON (NON FANMI, PRENON)</b>           |  |  |
| <b>REVNI:</b>                               | DE TRAVAY (AVAN PRELEVMAN)   | TOTAL LOT REVNI (KI PA TRAVAY)**   |
| CHEKE SI YONN MENM <input type="checkbox"/> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>W B M A*</span> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>W B M A*</span> |
| <b>2. NON (NON FANMI, PRENON)</b>           |  |  |
| <b>REVNI:</b>                               | DE TRAVAY (AVAN PRELEVMAN)   | TOTAL LOT REVNI (KI PA TRAVAY)**   |
| CHEKE SI YONN MENM <input type="checkbox"/> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>S Q M A*</span> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>W B M A*</span> |
| <b>3. NON (NON FANMI, PRENON)</b>           |  |  |
| <b>REVNI:</b>                               | DE TRAVAY (AVAN PRELEVMAN)   | TOTAL LOT REVNI (KI PA TRAVAY)**   |
| CHEKE SI YONN MENM <input type="checkbox"/> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>W B M A*</span> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>W B M A*</span> |
| <b>4. NON (NON FANMI, PRENON)</b>           |  |  |
| <b>REVNI:</b>                               | DE TRAVAY (AVAN PRELEVMAN)   | TOTAL LOT REVNI (KI PA TRAVAY)**   |
| CHEKE SI YONN MENM <input type="checkbox"/> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>W B M A*</span> | \$ _____ PA <span style="border: 1px solid black; padding: 2px;">ANTOURE YONN:<br/>W B M A*</span> |

\* FREKANS:  
W = Pa Semen  
B = Bi-ebdomadè (chak 2 semenn)  
M = Pa Mwa  
A = Pa Ane

\*\* LOT REVNI:  
pwovizyon alimantè, asistans sosyal, pansyon, Sosyal Sekirite, dezyèm travay, etc.

**5. TTOUT FANMI DWE RANPLI SEKSYON SA:** Mwen sètifye ke tout enfòmasyon nan aplikasyon sa vre epi ke tout revni yo siyale. Mwen konprann ke lekòl la ap jwen Fon Federal an fonksyon de enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konnen ke ofisyèl lekòl yo ka verifye enfòmasyon yo. Mwen konnen ke si mwen bay fo enfòmasyon ekspres, pitit mwen kapab pèdi avantaj manje a epi yo kapab atake m la jistis.

Yon granmoun nan kay la dwe siyen aplikasyon an. Ou dwe bay Nimewo Sosyal Sekirite ou tou (oubyen cheke bwat ki endike ke ou pa genyen Nimewo Sosyal Sekirite) pou yo kapab trete aplikasyon ou an.

SIYATI \_\_\_\_\_  
 ADRES \_\_\_\_\_ TELEFON \_\_\_\_\_  
 NIMEWO SOSYAL SEKIRITE (Si aplikab) \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_ - \_\_\_\_\_

OUBYEN:  Mwen pa genyen yon nimewo Sosyal Sekirite  Mwen pap aplike

UTILIZASYON POU BIWO SELMAN: Verifikasyon Siyati \_\_\_\_\_

**KONSANTMAN PARANTAL POU AKSE AK MEDICAID**

Lekòl Piblik Cambridge (CPS) bay pitit ou kèk sèvis sante kòm pati plan edikatif li san l pa koute paran yo anyen. Si pitit ou elijib pou avantaj MassHealth (Medicaid), CPS ka resevwa fon kote MassHealth pou kouvri chaj kèk nan sèvis sa yo.

Pou Distrik lekòl la kapab resevwa peman nan men MassHealth, nou bezwen bay kèk enfòmasyon de baz sou chak timoun ki resevwa sèvis, tankou non elèv la, nimewo idantifikasyon l, dat li fèt, adrès, epi kalite ak pri sèvis santé ke CPS bay sou IEP aktyèl elèv la. Yo itilize enfòmasyon yo bay la sèlman nan bi sa epi yo kenbe l konfidansyèl.

Lè ou cheke bwat ki make "WI" anba a, wap ede mete plis fon disponib pou distrik lekòl la ak lekòl pitit ou a pou sèvis ke CPS ap bay kounye a yo. Tanpri remake ke patisipasyon ou nan pwogram sa PAP afekte elijiblité ou pou avantaj MassHealth ni sèvis CPS bay pitit ou.

Si ou genyen kenpòt keksyon tanpri rele 1-888-455-6883 (Gwoup Konsiltan Piblik).

Sensèman,  
Dr. Jeffrey Young  
Enspektè Jeneral Lekòl yo

Tanpri cheke yonn, siyen epi mete dat pi ba a:

WI, mwen bay Lekòl Piblik Cambridge (CPS) otorizasyon pou bay MassHealth enfòmasyon ki soti nan dosye edikatif pitit mwen nan lide pou MassHealth peye CPS pou sèvis santé li bay. Otorizasyon sa kòmanse nan dat pitit mwen elijib pou resevwa avantaj MassHealth. Mwen ka anile otorizasyon an kenpòt kilè pou sa map kontakte a lekri Gwoup Konsiltan Piblik oubyen Lekòl Piblik Cambridge. Mwen konprann CPS ap kontinye bay pitit mwen sèvis sante nesesè san sa pa koute m anyen. Mwen konprann tou ke si mwen anile otorizasyon m nan, anilasyon sa pa genyen efè sou sak deja pase.

NON, mwen pa bay otorizasyon m pou Lekòl Piblik Cambridge (CPS) bay MassHealth enfòmasyon ki soti nan dosye edikatif pitit mwen nan lide pou MassHealth peye CPS pou sèvis sante li bay. Mwen konprann CPS ap kontinye bay pitit mwen sèvis sante nesesè san sa pa koute m anyen.

Siyati Paran: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**KAT IJANS INIVESEL ELEV LA**

TANPRI PRENTE TOUT ENFOMASYON YO.

|   |                |             |            |
|---|----------------|-------------|------------|
| Tit Elèv la   | Prenon Elèv la | Klas        | Sal        |
| Adrès   | Zip Kod        | Telefòn Kay | Dat li Fèt |
| <input type="checkbox"/> Cheke la pou endike ke elèv la genyen ____ frè/sè(s) nan lekòl sa: _____ |                |             |            |

**1. Paran/Reskonsab 1**

|             |                                   |        |  |
|-------------|-----------------------------------|--------|--|
| Non         | Relasyon ak elèv la               |        |  |
| Telefòn Kay | Telefòn travay                    | Selilè |  |
| Adrès Emel* | Adrès (Si l diferan de sa anlè a) |        |  |

**2. Paran/Reskonsab 2**

|             |                                   |        |  |
|-------------|-----------------------------------|--------|--|
| Non         | Relasyon ak elèv la               |        |  |
| Telefòn Kay | Telefòn travay                    | Selilè |  |
| Adrès Emel* | Adrès (Si l diferan de sa anlè a) |        |  |

**3. Kontak Ijans 1 (Si yo pa kapab kontakte yon paran/reskonsab)**

|             |                     |        |  |
|-------------|---------------------|--------|--|
| Non         | Relasyon ak elèv la |        |  |
| Telefòn Kay | Telefòn travay      | Selilè |  |

**4. Kontak Ijans 2 (Si yo pa kapab kontakte yon paran/reskonsab)**

|             |                     |        |  |
|-------------|---------------------|--------|--|
| Non         | Relasyon ak elèv la |        |  |
| Telefòn Kay | Telefòn travay      | Selilè |  |

**Orè:** si lè travay ou varye, tanpri itilize seksyon sa pou fè lis kote ou ye chak jou epi enfòmasyon sou kijan pou nou kontakte, oubyen pou ede nou lokalize ou si nou bezwen.

**Enfòmasyon Medikal:** Si pitit ou a genyen yon kondisyon medikal oubyen si li sou yon medikaman regilyèman, tanpri di sal ye:

|  |               |                 |
|--|---------------|-----------------|
| Doktè Medikal  | Adrès         | Telefòn         |
| Dantis   | Adrès         | Telefòn         |
| Eske Pitit ou genyen Asirans Maladi?<br>Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> | Non Kompayi a | # ID Timoun nan |

Tanpri note ke nan ka ke pitit ou blese oubyen ta vin malad epi lekòl la pa kapab kontakte ou, Lekòl Piblik Cambridge yo rezève yo dwa epi yo kapab, sil nesèsè, chèche, jwen epi otorize yo bay pitit ou swen epi/oubyen fè transpòte pitit ou a nan yon sant medikal pou l resevwa tretman, epi se ou menm sèl kap responsab frè ak depans kenpòt tretman medikal ke piti ou ta resevwa.

\*Yo bezwen adrès emel ou pou lè yo bezwen alète ou enfòmasyon ijan sou pitit ou ak lekòl pitit ou. Ou ka resevwa tou pafwa nouvel a pati emel ki genyen pou tit 'CPS News Flash' ki soti nan Lekòl Piblik Cambridge.

Siyati Paran/Reskonsab \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_



Lekòl Piblik Cambridge  
Biwo Enfòmasyon Piblik ak Kominikasyon  
159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141